

### **Ki prèw mwen bezwen montre lè map rapòte yon zak diskriminatwa bay Komisyon an?**

Nou selman bezwen konnen eksperyans ou. Jis rele Komisyon an ak di nou sa ki te rive.

### **Ki moun ki pral responsab pou asèlman diskriminatwa?**

Yo pemet moun komèt zak asèlman diskriminatwa. Sa vle di ke ou kapab rapòte zak diskriminatwa moun komèt tankou yon vwasen anmède ou, yon moun ki atake ou nan lari, oswa yon pasanje nan bis, kèlkeswa relasyon ou ak moun nan.

### **Èske grafiti rayisab se asèlman diskriminatwa?**

Grafiti rayisab kapab asèlman diskriminatwa si li entèfere avèk dwa yon moun, pa egzanp, anpeche moun rantre nan yon pak oswa yon lekòl.

### **Pou ki rezon mwen dwe rapòte zak diskriminatwa bay Komisyon an?**

Komisyon an kapab travay avèk ou ak manm kominotè nan zòn ou pou anpeche zak tankou sa yo rive ankò. Ou kapab menm rapòte sa kòm yon moun anonim. Epitou Komisyon an ka konsidere demann pou sètifikasyon U-viza ak deklarasyon pou sipòte T-viza pou mon ki gen enfòmasyon ki pral itil lè yo fè ankèt sou yon ka pou asèlman diskriminatwa.

### **Ki kalite mezi Komisyon an kapab pran kont yon moun ki komèt krim?**

Lè ou pote yon ka kont yon moun ki komèt krim, si ka a reyisi, Komisyon an kapab bay lòd k mande pou sispann asèlman diskriminatwa a. Komisyon an kapab kòmande anmèdan pou konpanse pou domaj emosyonèl ak penalite sivil ak pou depans dirèk yo.

# VIL NY PA TOLLÈRE asèlman diskriminatwa

Tanpri rele **311** mande pou Komisyon sou Dwa Imen Vil New York (NYC Commission on Human Rights) si yon lòt moun menase, anmède oswa entimide ou, oswa itilize vyolans oswa presyon kont ou, paske ou pwoteje legalman tankou ras, koulè, relijyon / kwayans, orijin nasyonal, sèks, idantite seksyèl, enfimite (andikap), oryantasyon seksyèl oswa lot sityasyon imigrasyon.

Vil NY Lwa sou Dwa Imen pa pèmèt zak sa yo.

    @NYCCHR

[NYC.gov/HumanRights](https://www.nyc.gov/HumanRights)

# ASÈLMAN DISKRIMINATWA Dapre VIL NY LWA SOU DWA IMEN

**NYC**

BILL DE BLASIO  
Majistra

**Komisyon Pou  
Dwa Imen**

CARMELYN P. MALALIS  
Komisyone / Prezidan

# ASÈLMAN DISKRIMINATWA

Èske yo vize ou nan katye ou rete ya poutèt ras oswa relijyon ou?  
Èske yo anmède ou poutèt ou se transjan?  
Èske yo rele sou ou poutèt ou pale yon lang etranje avèk fanmi ou?

## Asèlman diskriminatwa gen ladan menas, entimidasyon, asèlman, presyon oswa vyolans ki:

- 1 Entèfere avèk dwa sivil oswa konstitisyonèl yon moun; ak
- 2 Ki kon rive pasyèlman poutèt, revel oswa aparant-proteksyon lalwa – pa egzanp ras, kwayans, koulè, orijin nasyonal, sèks, idantite sèks, oryantasyon seksyèl, laj, enfimite, oswa lot sitiyasyon imigrasyon.

## Ka pou ede ou idantifye Asèlman Diskriminatwa:

Nan yon kafeterya kolèj, yon gwoup elèv antoure yon tab plen elèv Latino, ap chante "bati miray la," ajoute byento yo pral depòte tout elèv Latino yo.

Nan yon bis, yon pasanje konfwonte yon fanm ki mete yon ijab, rele sou li ak exige ke fanm nan retire ijab la oswa desann bis la. Fanm nan vire do bal li. Pasanje a kontinye pale jouk fanm nan desann bis la, nan pwochen stasyon bis lan.

Atakan jete ze sou yon Ameriken Azyatik criye: "retounen Lachin!" pandan yap kouri ale.

Gwen, yon moun nwa ki toujou nan internet renmen pataje foto li kap travay nan jaden li. Yon jou, yon moun blan kòmanse sou youn nan pòs yo ap di "byento ou gen pou fè lot pòs Gwen te mete."

Merrell, yon fanm transjan, eseye rantre nan yon magazen rad anpenpan. .  
yon moun ki tap swiv, kanpe devan li, ap di "ou pa kapab achte rad isit la." Lè li eseye pase a kote, fanm lan di:  
"yo pa pèmèt travesti yo isit la" ak bloke wout li jouk Merrell avanse byen vit anvan fanm nan kòmanse pale pi fo.

## Komisyon sou Dwa Imen, Vil New York (NYC Commission on Human Rights)

Ekip Entèvansyon kont Prejije Komisyon an, anba kontwòl Biwo Relasyon Kominotè, responsab pou reponn kont ensidan prejije yo nan tout vil la.

Sa gen ladan:

- Ransanble ak konfime enfòmasyon konsènan ensidan an (yo).
- Idantifye ak evalye nati ensidan an (yo).
- Asiyen manm pèsonèl pou reponn.
- Idantifye lidè kominote, òganizasyon, ak lòt pati yo dwe kontakte ak avèk ki yo dwe mete tèt yo ansanm.
- Bay resous ak aksyon swivi avèk lidè kominotè yo ak lòt pati afekte yo.
- Kowòdone avèk Biwo Ranfòsman Lalwa gen ankèt ak pouwit devan lajistis.

Ekip Entèvansyon kont Prejije a kowòdone aktivite kontak ak materyèl edikasyon apwopriye yo nan zòn sa a. Pou kontakte ekip sa a, tanpri voye yon imèl bay:

[biasresponse@cchr.nyc.gov](mailto:biasresponse@cchr.nyc.gov)

